

Itilize Jeneratris San Danje Lakay ou

Release Date: Oct 2, 2022

Danje

- Anpwazònman monoksid kabòn
- Dife
- Elektwokisyon

Konsèy Sekirite

- Li enstriksyon fabrikan an sou kòman w dwe itilize jeneratris la.
- Anpwazònman monoksid kabòn
 - Pa sipoze ke w an sekirite. Monoksid kabòn ki soti nan jeneratris pa gen koulè ak sant.
 - Pa sèvi ak yon jeneratris anndan kay oswa nan espas ki fèmèn pasyèlman tankou lakay, garaj oswa nan espas etwa, menm nan espas ki genyen vantilasyon pasyèl.
 - Pa opere tou pre pòt oswa fenèt. Sèvi ak vantilatè p ap anpeche monoksid kabòn akimile nan kay la.
 - Enstale alam monoksid kabòn ki sèvi ak batri anndan kay ou.
- Elektwokisyon oswa chòk elektrik
 - Toujou konekte jeneratris la nan aparèy ki genyen plòg ki ka sipòte chaj.
 - Konekte jeneratris ou a dirèkteman nan sous kouran lakay ou gendwa ogmante vòltaj la oswa ka lakoz yon ogmantasyon nan ling deyò yo epi potansyèlman blese oswa elektwokite yon itilizatè sèvis piblik. Li gendwa sote tou kèlke dispozitif sikui pwoteksyon. Konekte jeneratris la nan kay ou ka lakoz yon ogmantasyon elektrisite ki ka lakoz domaj oswa lanmò pou ou oswa fanmi w.
 - Sèvi ak yon elektrisyen kalifye pou enstale ekipman apwopriye dapre kòd elektrik lokal ou yo oswa mande pou konpayi sèvis piblik ou a enstale entèripte transfè kouran apwopriye a.
- Dife
 - Kenbe jeneratris ou a deyò epi mete gaz ladann deyò.



FEMA

Page 1 of 2

- Pa estoke gazolin pou jeneratris ou a anndan kay la.
- Pa estoke gazolin tou pre yon aparèy ki itilize gaz, pa egzanp yon fou a gaz.
- Si gaz la fuite oswa si resipyan an pa byen bouche, vapè envizib kabiran an ka deplase atè a epi limyè pilòt oswa entèripte ak elektrik yo ka limen li.
- Avan w remete gaz nan jeneratris la, etenn ni epi kite l frèt. Gazolin oswa lòt likid enflamak ki tonbe sou pati yon motè cho gendwa limen, epi vapè envizib kabiran an ka deplase atè a epi limyè pilòt oswa entèripte ak elektrik yo ka limen li.

Resous pou enfòmasyon anplis sou jeneratris ak monoksid kabòn:

- Videyo sekirite Sant pou Kontwòl Dezas ak Prevansyon ak FEMA ki genyen ladann Lang Siy Ameriken: [youtube.com/watch?v=n7GIOzABRHA](https://www.youtube.com/watch?v=n7GIOzABRHA).
- Enfòmasyon Sekirite Okipasyonèl ak Administrasyon Sante sou kòman pou sèvi ak jeneratris pòtab sou [osha.gov/OshDoc/data/Hurricane_Facts/portable_generator_safety.pdf](https://www.osha.gov/OshDoc/data/Hurricane_Facts/portable_generator_safety.pdf).
- Videyo monoksid kabòn CDC sou [cdc.gov/co/](https://www.cdc.gov/co/) oswa rele 800-232-4636.

Pou dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid de Siklòn lan, vizite [floridadisaster.org/info](https://www.floridadisaster.org/info) [fema.gov/disaster/4673](https://www.fema.gov/disaster/4673). Swiv FEMA sou Twitter sou [@FEMARegion4](https://twitter.com/FEMARegion4) / [Twitter](https://twitter.com/FEMARegion4) epi sou [facebook.com/fema](https://www.facebook.com/fema).

###



FEMA